




facebook.com/Lakaylakay twitter.com/@Lakaylakay

LÒT BÒ DLO PA PARADI

ISTWA : MIKE CHARLES
DESEN : CHEVELIN ILLUSTRATION



ANBISYON TOUYE RAT



KONKOU 177

Rele gratis ticheri nan Konkou Noula 177 pou w reponn ti kesyon sa yo :

- 1- Ki kondisyon Masèl te genyen ak Lebyen pou te ka peye wwayaj la?
- 2- Kisa fanm ki chwazi pran kanntè yo viktim ?
- 3- Kisa ki te rive Masèl lè li te rive Mayami ?

noula.ht



RADIO TAP-TAP

KOLITE BYEN POLI KA GENYEN !!!

Rele GRATIS ti cheri nan 177 pou reponn kesyon pou ka genyen anpil PRIM

Lè w rele pa bliye bay :

1. nimewo plak tap-tap la
2. nimewo selilè w
3. non w

NIMewo PLAK LA → **«BIS BOSS JÒJ»**

ISTWA : MIKE CHARLES / DESEN : CHEVELIN PIERRE

BÈL PAWÒL PA VLE DI VERITE POU SA




CHERI, CHERI !?



TOUT BAGAY PLANIFYE AK LEBYEN. NAN FEN SEMENN LAN N AP PATI.

RETE !?



OU PRALÉ KITE NOU VRE MASÈL ?

M OBLIJE MATOUL, PASKE PEYI ISIT PA GEN LAVI. MEN...MAYAMI.



MEN... KISA?

OU KONNEN TOU M PA GEN KÒB POLI M PEYE VWAYAJ LA. LEBYEN MANDE M TÈ NOU AN. M AP BA LI L EPI M AP VANN BÈF YO. KONSA, MWEN PA P GEN PWOBÈM.



KISA W DI LA... ? KOTE W PRA L LAGE M DÒMI AK TIMOUL YO? MANMAN W MALAP AP DÒMI NAN KAY LA AK NOU. E NOU PA GEN ANYEN NAN GALATA A...



OU PA BEZWEN BAY TÈT OU PWOBLEM...OU PRAL RETE KAY SÈ M NAN AK TIMOUL YO EPI MANMAN M PRAL LAKAY GRAN FRÈ M NAN. ETAZINI CHERI SE KOTE LÈT AK MYÈL AP KOULÈ, TRAVAY MENM SE SAK PA MANKE. OU KONNEN MARI W RENMEN TRAVAY !

KOU MAN VWAZEN AN PA PRALE ANKÒ?

A! VWAZEN AN PA GEN KÈ. OU KONNEN SE MOUL KI GEN MIZÈ REKONESANS / LÈ A WÈ M AP BATI BÈL KAY BÒ ISIT, ANTRÈ W MAYAMI AK TOUT TIMOUL YO, YA MANJE DWÈT POLIS YO.




POLI MIZÈ N AP PASE CHERI NAN PEYI ISIT... SE SÈL PATI WI KI KA SOVE NOU.

SÈLMAN LÈ W RIVE PA ALE PRAN LÒT FI POLI KITE LAMIZÈ FI N TOUYE M AK TIMOUL YO NON.


NOU NAN DLO MEN, NOU PA ZANGI



M ALE MATOUL PRAN SWEN TIMOUL YO POLI MWEN !



BON VWAYAJ MASÈL ! PA BLIYE PWOMÈS OU !



ANMWEY!! KAPTENN FÈ YON BAGAY POU NOU NON...


NOU PALE TWÒP NAN TÈT MWEN WI. NOU BEZWEN ALE MAYAMI EPI NOU PÈ LANMÈ

MANDE PASAJ, RELE MÈT AGWE VI N SOVE N... SINON N AP CHAVIRE WI.

KI MÈT AGWE W AP PALE LA OU MENM... POLIKI N PA RELE BON-DYE PITO ?



YO JETE NAN LANMÈ SILA KI MALAD, KI PAKA SIPÒTE SEKOUS VWAYAJ LA...



MOVE TAN, BATAY VYÒL, DEZAKÒ PASAJE YO AK KAPTENN LAN LAKÒZ BATO A KOULÈ TOUPRE LAFLORID. TOUT MOUL AP CHACHE SOVE LAVI YO. SA KI KONN NAJE PRAN NAJE.


LAGE M, LAGE M, M DI NOU WI... BANN ASASEN... KADEJAKÈ !



MASÈL LI MENM KI PA KONN NAJE E KI PA GEN NI JILÈ SOVTAJ, JWENN DE GALON BÒ KOTE L, LI PRAN YO METE ANBA BRA L POLI CHACHE YON FASON POU SÒTI NAN LANMÈ A.

SE MOVE LAVI WI KI METE M PEYÒ NAN PEYI M BON-DYE. SOVE M SOUPLE!

VWAZINAJ SE MANJE SERE



VWAZIN MATOUL... VWAZIN MATOUL...

NOUVÈL BATO KI KOULÈ A RIVE NAN BOUK LAN. TOUT MOUL SE MEN NAN TÈT AP MANDE SA KI PASE.



BATO KAPTEN LEBYEN AN KOULÈ MAYAMI !!!

KISA ???